

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Pangajaran basa Sunda di sakola téh sahenteuna ngajarkeun ngeunaan opat aspék kaparigelan basa, nyaéta ngaregepkeun, nyarita, nulis, jeung maca nu kaintegrasi dina kompetensi dasar anu kudu dihontal ku siswa. Katambah dina Kurikulum Merdéka mah Capaian Pembelajaran (CP) nu dilarapkeun di sakola dibagi kana opat kaparigelan basa.

Salasahiji Capaian Pembelajaran (CP) dina kurikulum merdéka nyaéta nulis. Nulis mangrupa kagiatan nyieun hiji catetan anu luyu jeung gagasan pikeun ngébréhkeun ideu pikiran ngaliwatan média tulisan sangkan bisa dicangkem ku pamaca. Dina kagiatan nulis anu diébréhkeun teu ukur ideu pikiran hungkul bisa ogé élmu pangaweruh jeung pangalaman pribadi (Oktaviani & Rahmawati, 2017, kc. 1).

Pamadegan séjén ngébréhkeun yén nulis téh nyaéta kaparigelan ngagunakeun pola-pola basa dina nepikeunna sacara tinulis pikeun ngébréhkeun hiji gagasan atawa pesan (Rusyana dina Rahman spk, 2020, kc. 83). Tina sawatara pamadegan di luhur, bisa dicindekkeun yén nulis téh jadi salasahiji kagiatan nepikeun hiji informasi anu ngagunakeun média tulisan. Salian ti éta, nulis mangrupa kamampuh ngébréhkeun gagasan, eusi pikiran, jeung kereteg hate.

Kaparigelan nulis di sakola, salasahijina aya dina materi sisindiran. Nulis sisindiran kaasup kana salasahiji matéri anu aya di kelas VIII SMP/MTs. Ieu hal dipedar dina Kurikulum Tingkat Daérah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda SMP/MTs Berbasis Kurikulum 2013 Revisi 2017, K.D 4.3 *Mengekspresikan sisindiran dalam bentuk tulisan dan lisan (misalnya melalui poster, meme, atau tempas sindir) dengan memerhatikan struktur, ekspresi, dan lentong kalimatt* (Kurikulum, 2017, kc. 37).

Salasahiji karya sastra nu diajarkeun ka siswa nyaéta sisindiran. Nurutkeun Salmun (1959 kc. 50), kecap sisindiran asalna tina kecap sindir anu maksudna sisi. Ngomong ku sindir maksudna ngomong anu nyisi, henteu poksang ceplak pahang, pikeun ngaragangan anu dibawa nyarita, supaya omongan karasana

henteu nyentug atawa ngagasruk kana haténa. Lamun diibaratkeun bubuahan mah dina sisindiran téh aya cangkang jeung aya eusi.

Pamadegan séjén ngébréhkeun yén sisindiran mangrupa karya sastra dina wangun kauger sabab kauger ku saruana sora jeung jumlah engang. Umumna dina sisindiran diwangun ku opat pada, tapi bisa kurang atawa leuwih, sabab kabagi jadi dua bagian anu sarua jumlah engangna. Bagian kahiji disebut cangkang jeung bagian kadua disebut eusi. Wangun-wangun sisindiran diwincik jadi tilu nyaéta aya rarakitan, paparikan, jeung wawangsalan (Wardah, 2015, kc. 164).

Dina kagiatan nulis masih kénéh loba pasualan nalika ngalarapkeunna. Salasahijina nyaéta siswa masih kénéh ngarasa can mampu dina ngamekarkeun idé jeung pikiranna (Kosasih, 2020, kc 592). Dumasar hasil wawancara jeung guru Basa Sunda di SMP Negeri 19 Bandung yén siswa tara maké basa Sunda di sabudeureun sakola jeung kulawargana. Ku kituna, kandaga kecap anu dipiboga siswa téh heureut pisan nalika ngamekarkeun idena kana wangun tinulis. Salian ti éta, dina nulis sisindiran masih kénéh loba siswa anu kamalayan jeung teu ngalarapkeun struktur kabasaanana. Ku kituna, dipikabutuh cara pikeun narékahan ieu pasualan. Salasahiji tarékah anu bisa dilaksanakeun pikeun ngirut jeung ngabantuan diajar nulis sisindiran téh nyaéta ngagunakeun média pangajaran.

Dina kagiatan diajar di sakola, guru kudu bisa ngadumaniskeun kréativitas jeung inovasi sangkan siswa bisa maham matéri anu ditepikeun. Guru di kelas masih kénéh ngagunakeun métode ceramah dina nepikeun matéri jeung jarang ngagunakeun média pangajaran. Métode ceramah anu dipaké pikeun nerangkeun matéri di kelas tingkat interaksi jeung siswana kawilang kurang. Ieu hal ngabalukarkeun siswa kurang aktif jeung hésé maham kana eusi matéri anu ditepikeun di kelas (Oktavia, 2014 kc. 809)

Média pangajaran mangrupa alat anu digunakeun guru pikeun nepikeun matéri pangajaran. Ku ayana média pangajaran bisa ngirut minat siswa sangkan daék diajar jeung matéri pangajaran anu ditepikeun leuwih gancang ditarima (Hamka dina Nurfadhillah, 2021 kc. 13).

Réa pisan média pangajaran anu bisa dipaké pikeun nepikeun bahan ajar, salasahijina aya média dina wangun digital nyaéta média *wordwall*. Média *wordwall* atawa *dinding* kecap mangrupa kumpulan kandaga kecap anu

kaorganisir sacara sistematis anu dipidangkeun ngagunakeun hurup gedé anu ditempelkeun dina témbok kelas. Média ieu dijieun pikeun ningkatkeun kagiatan kelompok diajar jeung bisa ngalibetkeun siswa dina nyieun sarta dina aktivitas ngagunakeunna (Azizah, 2020, kc.2).

Pamadegan séjén nétélakeun yén *wordwall* nyaéta aplikasi anu mangrupa *gamifikasi digital* ku cara ngagunakeun *fitur games* jeung kuis anu bisa digunakeun ku guru pikeun nepikeun evaluasi pangajaran. Aplikasi ieu cocog pikeun guru sabab bisa digunakeun jadi metode penilaian salila lumangsungna kagiatan diajar. Salian ti éta, ieu *game* bisa digunakeun sacara *offline* ngagunakeun fasilitas *printable*. Média pangajaran *wordwall* mangrupa hiji aplikasi anu bisa digunakeun salaku média pangajaran anu ngirut dina wangun *online* (Surahmawan spk, 2021, 153).

Aya sababaraha panalungtikan anu nalungtik ngeunaan media *wordwall*. Panalungtikan ngeunaan media jeung bahan ajar ngeunaan *wordwall* nyaéta ku Siti A'isyah (2019), anu judulna “*Efektivitas Penggunaan Média Wordwall Terhadap Hasil Belajar Bahasa Arab Kelas III MIS Nurul Huda Maituil Banjarmasin*” anu hasil panalungtikan saméméhna dibéré *treatment* masih kagolong can mampuh, katitén dina hasil rata-rata *pretest* nyaéta (55,36%). Tuluy, sanggeus dibéré *treatment* katitén hasil rata-rata *posttest* nyaéta (82,60%). Hartina, kamampuh siswa dina pangajaran Bahasa Mandarin ngagunakeun media *wordwall* ngaronjat.

Salian ti éta aya ogé panalungtikan lianna ku Hanifah Nur Azizah (2018), anu judulna “*Peningkatan Penguasaan Kosakata Bahasa Arab Melalui Penggunaan Media Wordwall*” anu hasil panalungtikan saméméhna dibéré *treatment* masih kagolong can mampuh, katitén dina hasil rata-rata nyaéta (33,3%). Tuluy, sanggeus dibéré *treatment* katitén hasil rata-rata *posttest* nyaéta (95,2%). Hartina, kamampuh siswa dina ngagunakeun bahasa Arab ngagunakeun média *wordwall* ngaronjat.

Dumasar hasil panalungtikan saméméhna, kapanggih nilai rata-rata anu signifikan antara hasil *pretest* jeung *posttest* dina kamampuh siswa saméméh jeung sanggeus dibéré *treatment*. Bédana tina panalungtikan saméméhna nyaéta ieu panalungtikan ngalarapkeun média *wordwall* dina pangajaran nulis sisindiran.

Tina hasil panalungtikan Imanulhaq & Pratowo (2022, kc. 2) kaonjoyan média *wordwall* nyaéta bisa milih *template* anu geus aya dina aplikasina saluyu jeung nu dipikabutuh. Salian ti éta, kaonjoyan tina ieu média téh bisa dicitak dina wangun PDF. Aya ogé panalungtikan anu nétélakeun kahéngkéran tina ieu média, nyaéta sinyalna kudu kuat jeung alus. Sangkan *games* anu dipaké leuwih loba jeung bébas milih *template*, aturana kudu mayar (Mahyudi, 2022, kc. 4).

Sangkan matéri sisindiran kacangkem ku siswa kalawan hadé diperlukeun stratégi dina nepikeun matéri di kelas. Média *Wordwall* minangka stratégi anu cocog pikeun ngungkulan pasualan anu karandapan ku siswa dina diajar nulis sisindiran.

Dumasar kana éta hal, ieu panalungtikan dijudulan “Média *Wordwall* dina Pangajaran Nulis Sisindiran (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIIIA di SMP Negeri 19 Bandung Taun Ajar 2022/2023)” téh perlu dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis sisindiran nalika make média *wordwall*.

1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah

Dina ieu bab dipedar ngeunaan idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah.

1.2.1 Identifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang anu dipedar yén aya sababaraha pasualan anu nyampak, nyaéta dina kagiatan nulis sisindiran siswa can mampuh pikeun mekarkeun ideu pikiranana, sarta masih kénéh kamalayon jeung teu ngalarapkeun struktur kabasaanana.

1.2.2 Rumusan Masalah

Nyoko kana idéntifikasi masalah, bisa dirumuskeun masalah dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-A SMP Negeri 19 Bandung taun ajaran 2022/2023 saméméh ngagunakeun média *wordwall*?
- b. Kumaha kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-A SMP Negeri 19 Bandung taun ajaran 2022/2023 sanggeus ngagunakeun média *wordwall*?

- c. Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-A SMP Negeri 19 Bandung taun ajaran 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média pangajaran *wordwall*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina ieu bab dipedar ngeunaan tujuan umum jeung tujuan husus tina ieu panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana kasang tukang jeung rumusan masalah, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun néangan babandingan hasil diajar siswa dina matéri sisindiran di kelas VIIIA di SMP Negeri 19 Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana masalah anu geus dirumuskeun, ieu panalungtikan téh miboga tujuan sacara husus, nyaéta ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh nulis sisindiran kelas VIIIA di SMP Negeri 19 Bandung saméméh maké média pangajaran *wordwall*;
- b. kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIIIA di SMP Negeri 19 Bandung sanggeus maké média pangajaran *wordwall*; jeung
- c. keda anu signifikan antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média pangajaran *wordwall*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Dina ieu bab dipedar ngeunaan mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis tina ieu panalungtikan.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun référénsi pikeun mekarkeun élmu pangaweruh, minangka bahan atawa sumber acuan pikeun panalungtikan ka hareupna, hususna ngeunaan média pangajaran *wordwall*.

1.4.2 Manfaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtik miboga mangpaat saperti ieu di handap.

a. Pikeun Guru

Pikeun guru bisa dijadikeun minangka stratégi pikeun nataharkeun siswa sangkan aktif, kréatif, tur matérina dipikaresep.

b. Pikeun Siswa

Pikeun siswa bisa kairut jeung mekarkeun motivasi kaaktifan sarta bakal ngaronjatkeun hasil diajar hususna diajar nulis sisindiran.

c. Pikeun anu nalungtik

Pikeun anu nalungtik bisa dijadikeun motivasi dina ngagunakeun média pangajaran salaku alat pikeun mekarkeun élmu pangaweruh, pamahaman, jeung ngirut siswa sangkan resep kana matéri sisindiran.

1.5 Raraga Tinulis

Raraga tulisan dijieun pikeun jadi panalungtikan kalawan sistematis dina wangun skripsi. Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab anu diwincik saperti ieu di handap.

Bab 1 Bubuka, anu ngawengku kasang tukang anu medar ngeunaan pasualan anu kaidentifikasi, rumusan masalah anu ngaguar ngeunaan indéntifikasi masalah dumasar kasang tukang sarta rumusan masalah dina sababaraha kalimah pananya, tujuan panalungtikan anu medar tujuan panalungtikan sacara umum jeung husus, mangpaat panalungtikan sacara teoritis jeung praktis, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, anu ngawengku tiori média pangajaran, tiori média *wordwall*, nulis, sisindiran, jeung média *wordwall* dina pangajaran nulis sisindiran. Salian ti éta, dina bab II dipedar ngeunaan panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis.

Bab III Méthode Panalungtikan, anu ngaawengku désain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan, anu ngawengku kamampuh nulis sisindiran siswa saméméh ngagunakeun média *wordwall*, kamampuh nulis sisindiran siswa

sanggeus ngagunakeun média *wordwall* jeung bédana kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIIIA.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, anu ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan, rékoméndasi ka panulis, jeung implikasi média *wordwall* boh pikeun guru boh pikeun nu lianna dina prosés ngajar jeung diajar, hususna dina pangajaran nulis sisindiran.